

Pwoteje Latè

Lakou
Kajou

Ou ka pwoteje Latè



Lakou Kajou

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
butterfly.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe anba règleman CC BY-NC-ND
4.0. Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>

Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Pwoteje Latè se yon ti liv ki fèt ak 2 vizyon sou yon menm sijè: **Nou pataje yon menm planèt** ak **Ou ka pwoteje Latè**. Nou ka li 2 vizyon sa yo pou ede timoun yo konprann gen yon vizyon anviwònman an ki ideyalis, ki pale sou aspè anviwònman yo nou renmen jwi yo. Lòt vizyon an se aprann jan pwoteksyon anviwònman se responsabilite chak moun. Moun domaje anviwònman lè yo sèvi ak anpil plastik, boule gaz, fè dife ki toksik, kite fatra gaye tout kote, koupe pyebwa ak plant. **Ou ka pwoteje Latè** montre timoun kèk aksyon ki ede anviwònman Latè. Si chak moun deside fè aksyon sa yo, tout moun ka ede anviwònman an.



Vokabilè :

Esplike sans mo sa yo

Latè : yon planèt kote tout peyi, tout lanmè, tout moun, tout bèt ye.

Pwoteje : Fè tout sa ki evite domaj pou konsève yon bon anviwònman.



Aksyon pou pwoteje latè :

- 1) Mande timoun yo sou ki sa yo kwè liv la pale.
- 2) Pou ki sa li pi bon si nou pa achte bidon ak sache dlo tout tan ?
- 3) Pou ki sa li pi bon si nou ale lekòl a pye ?
- 4) Pou ki sa nou dwe plante plant ak pye bwa ?
- 5) Pou ki sa nou dwe kenbe kote nou viv yo pwòp ?



Aktivite :

Di lòt moun pwoteje anviwònman nou.

- 1) Fè yon pankat ki di lòt moun bagay yo ka fè pou pwoteje Latè.



Men kèk bagay ou ka
fè pou pran swen Latè.



Ou ka ranpli bidon dlo
ou anvan ou kite lakay ou.



Ou ka mache pou w al lekòl a pye paske li
bon pou anviwònman
an, epi se bon egzèsis tou !



Ou ka pote panye w oswa valiz ou lè w pral achte, pou w pa bezwen sache plastik.



Ou ka asire w devan pòt kay
ou ak lakou a pa gen fatra.



Ou ka sere greenn fwi ak legim,
plante yo, epi ede yo pouse.



Lè tout moun kenbe lakou yo vèt, Latè vin pi
vèt ak pi pwòp, pou nou viv pi byen.

Pwoteje Latè

NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an LakouKajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
bbutterfly.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>